

## KRS sou Sèvis Detansyon yo

### K. Konbyen tan avan pitit mwen an prale nan tribinal?

**R.** Nan lesplas 24 èdtan apre yo te fin mete li nan prizon, pitit ou an pral parèt nan tribinal epi gen yon odyans detansyon devan yon jij ki pral otorize estati detansyon li. Si jij la pral kontinye estati detansyon li, dire sejou li an kapab pwolonje jiska 21 jou oswa plis.

### K. Èske yo mete ti gason ak tifi nan menm sant detansyon yo?

**R.** Wi K. Yo mete ti gason ak tifi nan menm sant detansyon yo. Men, yo separe gason ak tifi yon nan inite lojman ki diferan.

### K. Èske fanmi m ak mwen menm kapab vizite li nan sant detansyon an?

**R.** Wi Vizitasyon se yon pati enpòtan nan detansyon pitit ou an. Nou ankouraje paran, gadyen legal ak Granparan yo pou vizit chak timoun.

- Lòt manb fanmi an ka ale vizite sèlman si vizitasyon an se yon lòd nan men tribinal la oswa sipèntandan Sant Detansyon an oswa reprezantan te apwouve sa espesyalman.
- Kontakte JPO pitit ou an pou ka jwenn apwobasyon pou nenpòt adisyon sou lis vizitasyon an ak aranjman pou vizitasyon espesyal yo.
- Avoka pitit ou a, anplwaye pwobasyon DJJ, ofisye lapolis, manm legliz yo, ak lòt pwofesyonèl kapab vizite pitit ou an nan nenpòt lòt moman pase èdtan vizitasyon pwograme an jan sa nesèsè. Vizit sa yo sijè pou nenpòt ki kondisyon konsènan siyen-antre ak kontrebann.
- Yo kapab fouye tout vizite yo ak yon aparèy elektwonik. Vizite yo pa dwe pote vini atik pèsònèl (pa egzanz kle, bous, telefòn selilè, pake, elatriye) nan zòn sekire an. Entwodiksyon nenpòt atik ki pa otorize nan etablisman detansyon an se yon Krim Twazyèm Degre epi dapre lwa an kapab lakòz pou pinisyon.

### K. Kisa ki pral rive bagay pitit mwen an?

**R.** Yo fè envantè tout bagay pitit ou an pandan admisyon li nan sant detansyon an. Yo kenbe atik devalè yo nan kòf etablisman an. Lòt atik pèsònèl yo (rad, soulye elatriye.) rete nan yon sal estokaj ki klete pou dire sejou pitit ou an. Lè yo kite pitit ou an pou soti nan sant detansyon an, yo pral remèt li atik li yo.

### K. Èske yon pwofesyonèl sante mantal pral wè pitit mwen an pandan li nan detansyon?

**R.** Wi Sa pral depann sou bezwen piti ou an, pwofesyonèl sante mantal la pral asire yo adrese tout pwoblèm sante mantal yo idantifye, tankou abi estipefyan oswa tandans pou fè swisid. Se yon pwofesyonèl sante mantal sètifye pou pral wè pitit ou an pou sondaj, evalyasyon, ak sèvis entèvansyon yo.

### K. Kisa Detansyon Adomisil ye?

**R.** Yon pwogram Detansyon Adomisil pèmèt jèn timoun yo ki kalifye pou rete tann prezans nan tribinal pwochè li an lakay li oswa nan yon lòt plasman apwopriye.

- Yo fè sondaj pou Detansyon Adomisil pou tout timoun yo kenbe avan yon odyans pou detansyon. Nan moman odyans detansyon an, jij la pral presize si wi ou non jèn timon la dwe pou li ale nan detansyon seki, plase li nan Detansyon Adomisil, oswa libere li.
- Lè yo plase yon jèn moun nan Detansyon Adomisil, yo JPO pral sipèvize li.
- Paran an oswa gadyen legal la ak jèn timoun la pral siyen yon kontra pou sipèvizyon. Si pou nenpòt rezon ki vyole kontra an, oswa yo chaje jèn timoun lan avèk yon nouvo vyolasyon lwa an, yo pral transfere li pou retounen nan yon detansyon ki seki jiskaske yo rezoud ka an.

